



Lekòl nou yo pale lang ou pale a

Chè Nouyòkè,

Elèv ak fanmi nou yo pale plis pase 180 lang. 180! Pou mwen, kantite sa a reprezante richès anviwònman kiltirèl vil sa a, ak opòtinite nou pa ka konte ki devan nou pou wè mond lan nan nouvo pèspektiv.

Mwen vle felisite Konsèy edikasyon kominotè (CEC) Distri 9 la pou travay sa a menm l ap fè a. Semèn dènye, [CEC Distri 9](#) la te fè reyinyon kominotè yo nan lang panyòl, epi yo te bay entèpretasyon pou patisipan ki pale anglè ak lòt lang. Lè CEC a fè sa, li fè kantite fanmi Distri 9 lang natifnatal yo se panyòl yo konnen: nou wè ou. Sa te vle di tou moun ki pale anglè yo te fè eksperyans kijan sa ye lè w ap patisipe nan yon reyinyon atravè entèpretasyon. Eksperyans lan te ouvri je m — si tèlman, pou nimewo PS + You sa a, n ap voye bilten an nan lang panyòl avèk yon lyen pou tradiksyon ann anglè.

Chak fanmi gen dwa pou patisipe nan edikasyon pitit yo, epi pou rezon sa a, jwenn aksè nan lang se yon priyorite atravè NYCPS. Chak lekòl nou yo gen yon Kowòdonatè pou aksè nan lang, ansanm avèk finansman ki la pou sipòte kominikasyon avèk tout fanmi. Ane lekòl pase a, anba lidèchip Biwo Aksè nan Sèvis Lang (Office of Language Access, OLA) nou tradui prèske 11.000

IEP nan 51 lang, epi nou te bay entèpretasyon nan 93 lang pou plis pase 289,000 konvèsasyon nan telefòn. Nou bay sèvis entèpretasyon tou nan reyinyon ak aktivite, epi nou tradui anpil lòt dokiman ak kominikasyon. Donk, fanmi tanpri konnen byen: lekòl nou yo pale lang ou pale a! Mwen ankouraje w pou [ale sou sitwèb nou an](#) pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou mande sèvis lang.

Mwen vle mete aksan tou sou efò n ap fè pou ranfòse ak agrandi [pwogram bileng](#) nou yo. Pwogram orijinal avanse sa yo—nou te gen 557 atravè vil la ane pase—anseye elèv nan ni lang anglè ak ni youn nan 12 lòt lang, soti nan lang Bangla rive nan Kreyòl Ayisyen, soti nan lang Japonè rive nan Polonè. Nou ta renmen kontinye agrandi pwogram sa yo; pandan elèv nou yo ap pran konpetans nan plizyè lang, y ap gen ladrès pou dirije ak reyisi nan sosyete nou an ki global.


Mwen kwè nou gen anpil pou aprann youn nan men lòt, epi lè nou ka konprann lòt pèspektiv, kilti, ak lang, sa ranfòse limanite nou pataje ansanm lan. Mwen te di sa a avan epi m ap di l ankò: divèsite vil nou an genyen an se pi gwo fòs nou.

Plane wo,

David C. Banks

Chanselye

Videyo aktyalite nou an: Disponib nan Kreyòl ayisyen



Suiv nou sou entènèt nan [X](#), [Facebook](#), ak [Instagram](#) pou jwenn nouèl sou NYCPS ki pi resan an.

Epi men [videyo Majistra Eric Adams pou semèn lan](#). Si w enterese resevwa nouèl ki soti dirèkteman nan Biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Fanmi NYCPS: Si w pa vle resevwa bilten nouèl PS+You ankò, tanpri [retire non w sou lis la](#).